



# Fason pou peye bòdwo FPL ou a

Fason ki fasil e ki rapid pou peye:



## Peye pa Telefòn (FPL Pay By Phone®)

- » Lè w peye bòdwo w pa telefòn avèk kont labank w an, ou mèt asire w peman an rapid grasa koneksyon nou ki sekirize.
- » Sèvis sa a gratis epi li disponib 24 sou 24, konsa li anrejistre sou kont ou lapoula.
- » Pou utilize sèvis sa a, rele nan **800-226-3545**.



## Peye pa Entènèt (FPL Pay Online®)

- » Lè w peye bòdwo w sou Entènèt, pa gen okenn chaje epi w mèt asire w peman labank ou an rapid grasa koneksyon nou ki sekirize.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **FPL.com/payment**.



## Peman ak Kat Kredi/Debi

- » Peye bòdwo w ak yon kat kredi oswa debi avèk Speedpay®.
- » Peman w ap anrejistre sou kont ou nan kèk minit sèlman, w ap resevwa yon konfirmasyon lapoula epi tout enfòmasyon pèsonèl ou yo ap rete an sekirite.
- » Rele Speedpay® nan nimewo apèl gratis **800-979-3967** oswa ale sou **FPL.com/paycard**.
- » Y ap chaje w pou opsyon peman sa a.



## Peye an Pèsonn

- » Pou jwenn yon Ajan Peman ki Otorize, rele nan **800-226-5885** oswa sèvi ak kat enteraktif nou sou **FPL.com/payagent**.
- » Y ap chaje w pou opsyon peman sa a.

Lòt fason ki pratik pou peye:

### Peye Bòdwo FPL w Otomatikman (FPL Automatic Bill Pay®)

- » Bòdwo kouran w lan ap peye otomatikman chak mwa paske n ap retire peman an sou kont labank ou nan dat ou chwazi a.
- » W ap toujou resevwa yon dokiman k ap montre w sa w konsome ak sa w peye chak mwa pou w ka egzamine l e pou w ka kenbe l nan dosye w yo.
- » W ap ekonomize tan, epi w pap bezwen ni ekri yon chèk ni gaspiye yon tenm.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **FPL.com/autopay** oswa rele nan **800-226-3545**.

### Lapòs

- » Ou ka poste yon chèk oswa yon manda. Tanpri ekri nimewo kont FPL ou a sou li. Voye peman w lan pa lapòs nan adrès sa a:  
**FPL**  
**General Mail Facility**  
**Miami, FL 33188-0001**
- » Tanpri voye li alavans pou li ka rive pa lapòs anvan dat limit la.



CHANGING THE CURRENT. **FPL**